

Pou Piblikasyon Imedya: 31/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN REYABILITASYON AK
PREZÈVASYON POU APATMAN DELABRE NAN THURSTON ROAD
AK CHILI AVENUE NAN ROCHESTER**

***Gouvènè dirije 10 milyon dola nan resous pou konplètman renove ak repare
pwopriyete an detrès yo***

***Eta New York asosye ak Home Leasing ak Kòporasyon Prezavasyon Kominote
pou prezève kay abòdab pou 63 rezidan, sa enkli 20 ki gen sèvis sipèvizyon***

Gouvènè Cuomo jodi a te anonse kòmansman reparasyon ak renovasyon enpòtan nan de edifis apatman delabre nan Rochester. Renovasyon yo pral remanye apatman yo ki teribman deteryore epi prezève lojman pou 63 rezidan, sa enkli 20 inite ki gen sèvis sipèvizyon pou rezidan ki te nan prizon oparavan ki gen yon istwa abi sibstans pou viv ak endepandans nan kominote an. Yo te finanse reyabilitasyon an ak 10 milyon dola an resous Gouvènè Cuomo, an kolaborasyon ak Antrepriz Patnè Kominote (Enterprise Community Partners), te dirije ale nan sans prezève pri abòdab a lontèm nan kominote sa a.

"N ap delivre yon pwomès pou asire tout Nouyòkè, kèlkeswa revni yo, gen opòtinite pou viv lavi sen nan kay ki ansekirite, pwoteje epi abòdab", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Envestisman nou an nan Apatman nan Vilaj Thurston pral konstwi yon meyè fiti pou rezidan ak pou vil Rochester."

"Finansman sa a pral ofri resous ki nesesè pou renove edifis apatman nan Rochester ki bezwen reparasyon epi ajoute opsyon lojman pou rezidan yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Prezèvasyon edifis sa yo pral ofri lojman sipèvize pou sila ki plis bezwen li yo, tankou endividi k ap lite ak abi sibstans. Pwojè sa a fè pati efò kontini nou pou ajoute ak restore lojman atravè eta a, revitalize kominote ak amelyore kalite lavi."

De edifis yo nan 19yèm awondisman Rochester, ki chita nan 447 Thurston Road ak 963-971 Chili Avenue, genyen yon total 63 estidyo ak apatman yon chanm. Apatman yo gen yon istwa vyolasyon kòd ak sante piblik ak pwoblèm sekirite kote pwopriyete a te neglije ranje yo. Sa enkli fwit dlo egou, domaj nan sistèm idwolik, ak envazyon ensèk ak wonjè.

Anba lòd Gouvènè a, Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York te entèvni ak travay ak lokatè, reprezantan lokatè, ak konstrikte lojman abòdab lokal Home Leasing sou yon estrateji prezèvasyon ki pral mennen a apatman yo konplètman vide ak reyabilite.

Anplis, vil Rochester te pran mezi pou responsabilize pwopriyetè edifis lan pandan y ap evite aksyon ki ta pral fòse yo ekspilse lokatè yo. Vil lan te depoze aksyon jidisyè pou mete pwopriyete yo sou administrasyon jidisyè, sa ki te mennen ak yon antant ki te kondwi a yon chanjman de pwopriyetè ak nouvo administrasyon pwopriyete yo.

Home Leasing se pwopriyetè, konstriktè ak administratè pwopriyete a. Travay pral enkli nouvo twati, sistèm sekirite, sistèm mekanik, kizin, twalèt ak finisyon, rediksyon amyant ak elektwomènaje. Home Leasing te travay ak rezidan pou jwenn lojman tanporè pou yo pandan renovasyon yo ap reyalize.

Apatman yo ki resaman renove pral elijib pou fanmi ki ap touche 60 pousan revni Mwayen Zòn nan oswa pi piti pase sa. Pwopriyete yo pral rete sijè a yon akò regilatwa 30 ane pou asire abòdablite ak jesyon resous kontini.

Ven nan 63 inite yo pral rezève pou lojman sipèvize pou endividi sanzabri ki gen istwa abi sibstans. Atravè yon patenarya ak Sansibilizasyon Prizon Spiritus Christi (Spiritus Christi Prison Outreach), rezidan sa yo pral resevwa sèvis sipèvizyon ki enkli planifikasyon siksè rezidan pèsonalize, jesyon ka, ak fòmasyon pou travay ak plasman pwofesyonèl.

HCR te akòde 10 milyon dola nan fon pou finanse reparasyon an kolaborasyon ak Antrepriz Patnè Kominote. Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) nan Eta New York pral ofri apeprè 2.5 milyon dola sou senk ane atravè Inisyativ Lojman Sipèvize Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative) Gouvènè a pou finanse sibvansyon lwaye pou inite sipèvize yo. Inisyativ la ofri finansman operasyonèl bay founisè pou konstriksyon ak operasyon lojman sipèvize pou moun yo idantifye ki sanzabri ak bezwen, kondisyon espesyal oubyen lòt difikilte lavi.

Kòporasyon Prezèvasyon Kominotè a (Community Preservation Corporation, CPC) ap bay yon finansman adisyonèl 1.18 milyon dola atravè patenarya li ak Fon Retrèt Komen Eta New York (New York State Common Retirement Fund) lan. Fon retrèt eta a ak CPC te kreye yon patenarya pou rann finansman pèmanan disponib pou konstriksyon lojman nan New York pou rezidan ki gen revni ba ak modere. Ansanm, yo gentan konstwi prèske 18,000 inite epi yo gen prèske 3,000 an konstriksyon.

HCR ap travay tou ak Home Leasing sou yon plan pou rekonstwi yon pwopriyete toupre a nan 440 Thurston Road ki te demoli apre yon ensandi devastatè ane pase. Nouvo edifis lan pral kreye lojman abòdab adisyonèl.

Angajman Gouvènè an pran pou bay tout moun New York yo aksè a lojman ki sekirize epi a pri abòdab sa reflete nan Plan Lojman san presedan 20 milya dola sou senk ane a ke Eta a genyen. Plan an ap fè gen lojman ki aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri an lè y'ap konstwi oswa prezève plis pase 100,000 kay ki a pri abòdab ak 6,000 lojman ki bay sèvis sipò yo. Plan an se yon apwòch global pou abòde pwoblèm lojman toupatou atravè eta a epi li gen ladan devlopman lojman miltifamilyal ak lojman inifamilyal, ak devlopman kominotè.

Depi 2011, HCR te envesti plis pase 177 milyon dola pou kreye oubyen prezève 2,251 kay ak apatman abòdab nan Rochester, epi kontinye travay ak lokatè ak lidè kominote lokal sou estrateji pou adrese bezwen lojman nan Rochester.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR, te deklare, "Kondisyon lavi medyòk nan edifis sa yo te ekzije entèvansyon imedya nou. Rezidan sa yo merite meyè. Gras ak lidèchip bò kote kominote Rochester ak patnè konstriksyon nou yo, n ap avanse pou transfòme pwopriyete yo pou vin 63 bèl apatman sekirize, rezidan yo ap fyè pou yo rele kay yo. Nou rekonesan paske nou gen yon Gouvènè k ap travay tèlman di pou goumen pou dwa lokatè atravè eta a".

Komisè Biwo Eta pou Asistans Tanporè ak Andikape a Mike Hein te deklare, "Lojman estab ka vin yon fondasyon pou endividi ki te anprizone oparavan ka itilize pou konstwi yon fiti ki meyè ak pi pwodiktif. Apatman nan Vilaj Thurston pral ofri estabilite sa a ansanm ak sèvis sipèvizyon endividi sa yo ka depann de yo pou viv ak endepandans, evite vin sanzabri, epi fini ak tandans konpòtman destriktè. Nou felisite Gouvènè Cuomo pou sipò kontini li nan Inisyativ Lojman Sipèvize Empire State la, ki ede yon gwo kantite Nouyòkè lanse yon nouvo paj".

Kontwolè Jeneral Finans Eta New York la, Thomas P. DiNapoli, te deklare, "Nou kontan pou n vin yon patnè investisman ak Kòporasyon Prezèvasyon Kominotè nan misyon pataje sa a pou ede renove Apatman nan Thurston Village ak Apatman Chili Avenue. Mwen akeyi opòtinite sa a pou fon retrèt nou an ki ede amelyore lojman pou rezidan nan Rochester".

Manm Asanble a David Gantt te deklare, "Pandan twòp tan, rezidan nan 447 Thurston Road ak 963-971 Chili Avenue te oblije viv nan kondisyon terib. Mwen rekonesan pou entèvansyon an nan men Gouvènè Cuomo, Vil Rochester, epi tout lòt patnè nan pwojè sa a, paske yo travay ansanm pou renove pwopriyete sa yo ak prezève abòdablite pou ane k ap vini yo".

Egzekitif Konte Monroe a, Cheryl Dinolfo, te di, "Nan Konte Monroe, nou te travay pou fè plis pase 3,000 fanmi travèse soti nan asistans piblik pou ale travay nan jis kèk ti ane lè nou te fè investisman enpòtan nan rezidan nou yo ki mal desèvi. Nou enkwayabman eksite pou travay ak patnè nan Gouvènman nan nivo eta ak vil, ansanm ak konstriktè lokal pou pi byen sèvi endividi ki andanje, epi anons jodi a se yon lòt rapèl sou kijan n ap konstwi fanmi ki pi solid lè n ap travay ansanm. Pwojè sa a reprezante espwa, pa jis pou fanmi yo ki pral rele apatman sa yo kay yo, men pou tout rezidan Konte Monroe, pandan n ap kontinye jwenn fason pou konstwi opòtinite kòm yon kominote nan Monroe".

Majistra Vil Rochester a, Lovely Warren, te deklare, "Gras ak sipò patnè kominote sa enkli Gouvènè Andrew Cuomo, Home Leasing, Kòporasyon Prezèvasyon Kominotè ak anpil lòt ankò, Apatman nan Vilaj Thurston kounye a kanpe kòm yon testaman pou prensip kote lojman abòdab ki sekirize ak desan se yon dwa imen debaz ke vil Rochester ap fè efò pou l pwoteje pou sitwayen li yo. Lè nou ofri sitwayen nou yo aksè a lojman bon kalite abòdab ke yo ka fyè pou yo rele kay yo, sa se kòmansman an nan efò nou yo pou kreye plis travay, katye ki plis sekirize ak pi vibran ak meyè opòtinite edikatif".

Nelson Leenhouts, Prezidan, Home Leasing, te deklare, "Nou tèlman fyè paske nou enplike nan restore kominote apatman sa a nan yon fason ki prezève lojman abòdab pou moun ki plis bezwen li yo. Sove lojman tankou Apatman nan Vilaj Thurston rete esansyèl pou kreye kominote ki divèsifye ak vibran".

Rafael Cestero, Prezidan ak Direktè Ekzekitif, Kòporasyon Prezèvasyon Kominotè, te deklare, "Kòm yon pitit natifnatal Rochester, mwen ekstrèman fyè paske CPC kapab pote deseni nou genyen kòm eksperyans nan finansman lojman abòdab pou ede prezève pyès vital sa a nan estòk lojman vil la. Misyon nou se pote establiite dirab bay pwopriyete sa yo pou yo ka ret prezève kòm yon lojman sekirize, bon kalite, ak abòdab ke rezidan yo pral fyè pou yo rele kay yo. Remèsiman mwen pou Gouvènè Cuomo, Kontwolè DiNapoli, Majistra Warren, Komisè HCR Visnauskas, Home Leasing, ak Enterprise pou patenarya yo ak devouman yo".

Judi Kende, ki se Vis Prezidan ak Lidè Mache New York, Enterprise Community Partners la, te deklare, "Prezèvasyon estòk lojman Eta New York pou kreye lojman sipèvize ak abòdab rete enpòtan ak vital pou Plan Lojman sou 5 ane Eta a. Gen yon nesosite ijan pou lojman abòdab atravè eta a, epi nou fyè pou n ofri finansman pou Apatman nan Vilaj Thurston pou adrese bezwen sa a nan Rochester".

Konsènan Home Leasing, LLC

Home Leasing ki baze nan Rochester espesyalize nan devlopman, konstriksyon ak administrasyon kominote apatman gwo kalite. Se twa jenerasyon fanmi Leenhouts ki posede ak opere konpayi an epi li anplwaye plis pase 150 moun ki ofri sipò bay oubyen enplike dirèkteman nan operasyon kotidyen kominote rezidansyèl abòdab, pou revni miks ak to mache atravè New York, Pennsylvania ak Maryland. Home Leasing te vini yon Konpayi Benefis Sètifye ("Konpayi B") nan men òganizasyon a bi non-likratif B Lab an 2017. Konpayi B se yon nouvo tip konpayi ki itilize pouvwa biznis pou rezoud pwoblèm sosyal ak anviwònmanal. An 2019, yo te rekonèt Home Leasing kòm yon Espas Travay Siperyè nan Rochester, NY.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)